# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन – एनडीए सर्वसम्मति से नरेंद्र मोदी के आपन नेता चुन लिहले हवे। नई दिल्ली में एनडीए संसदीय दल के बइठकी में सीनियर भाजपा नेता अउर केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह श्री मोदी के एनडीए क नेता चुनले क प्रस्ताव रखले अउर एनडीए के सज्जों घटक दलन क नेता एकर समरथन कइलें। राजनाथ सिंह श्री मोदी क नाव प्रस्तावित करत कहले कि उहां के येह पद खातिर सबसे उपयुक्त मनई हई। उहां के कहलीं कि ई गठबंधन कउनो मजबूरी नाही बलुक हमार प्रतिबंद्धता हवे। प्रस्ताव क समरथन करत केन्द्रीय मंत्री अमित शाह कहले कि ई खाली एनडीए संसदीय दल के बइठकी में बइठल नेता लेगिन क नाही बलुक येह देस के एक सौ चालीस करोड़ लोगिन क इच्छा हौ। भाजपा क सीनियर नेता अउर केन्द्रीय मंत्री नितिन गडकरी कहले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ई सुनिश्चित करे बदे पुरहर समरपण के साथे काम कइले हवे कि देस समृद्ध होखे अउर महासक्ति बने।

टीडीपी प्रमुख चन्द्रबाबू नायडू कहले कि नरेन्द्र मोदी के दूरदर्सी अगुवाई में एनडीए सरकार पछिला दस साल में महत्वपूर्ण पहल कइले हवे।उहां के कहली कि देस उल्लेखनीय प्रगति अउर बदलाव देखले हवे। बिहार क मुख्यमंत्री अउर जनता दल यूनाइटेड अध्यक्ष नीतीश कुमार प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आपन समरथन जतावत कहले कि ई बहुत अच्छी बात हौ कि हम सब एक साथ आइल हइ अउर अब सज्जों लोगि नरेन्द्र मोदी के अगुवाई मे मिलके काम करबि।

येह मौका पर अपने संबोधन मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले कि एनडीए ओह दलन क समूह नाही हौ। जउन सत्ता बदे एक साथ आइल हवे, ई राष्ट्र प्रथम के भावना के साथे काम करे खातिर प्रतिबद्ध गठबंधन हवे। उहां के कहली के एनडीए भारत की इतिहास में सबसे सफल गठबंधन हौ अउर हमार लक्ष्य सज्जों फैसलन में सर्व सम्मति बनावल होइ। श्री मोदी कहले कि आजु देस क जनता एनडीए के बाइस राज्यन में सरकार बना के सेवा कइले क मौका दिहले हवे। ओहर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन क लगतारे तीसरकी बेरि सर्व सम्मति से नेता चुनल गइले पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उन्हें हार्दिक बधाई दिहले हवे। अपने बधाई संनेसा में उहां के कहले हवे कि प्रधानमंत्री श्री मोदी के यसस्वी अगुवाई में एनडीए परिवार आत्म निर्भर अउर विकसित भारत के निर्माण बदे संकल्पित हवे।

**********

एसिड हमला के मामिला में अब कउनहू हालत में जेल क सजा दस साल से कम नाही होई। येके आजीवन कारावास में बदलल जा सकी। जुर्मानों लगावल जा सकी एक जुलाई से देस में लागू हो रहल नया अपराधिक कानून में एसिड हमला से जुडल ई प्रावधान सामिल कइल गइल हवे। प्रावधान के हिसाब से कवनहू मनई के एसिड फेकले क कोसिस आ अउरियों साधन क उपयोग करे क कोसिस कइले पर कम से कम पांच साल क सजा होई, जेके सात सालि ले बढ़ावल जा सकेला अउर जुर्मानों लगावल जा सकेला। नया कानून में एसिड मे ऊ सज्जों पदार्थ सामिल हवे, जिहमे अमलीय आ जरले क प्रकृति होला अउर जउन साररिक चोट पहुचावे में सक्षम हवे।

**********

बुंदेलखण्ड विश्वविद्यालय के तत्वावधान में अगिला नौ जून के राज्यस्तरीय संयुक्त बीएड प्रवेस परीक्षा–दुइ हजार चउबीस क आयोजन कइल जा रहल हौ। प्रवेस परीक्षा खातिर आवेदन करे वाले अभ्यर्थियन के विस्वविद्यालय की ओरि से प्रवेस पत्र जारी कइ दिहल गइल। अभ्यर्थी परीक्षा में सामिल होखे खातिर विश्वविद्यालय के वेबसाइट से आपन प्रवेस पत्र डाउनलोड कइ सके लें। प्रवेस परीक्षा के ले के लखनऊ विश्वविद्यालय अउर दीनदयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्वविद्यालय के ले के प्रदेस के सज्जो विश्वविद्यालय अपने–अपने परीक्षा केन्द्रन क सूची जारी कइ दिहले हवें। लखनऊ विश्वविद्यालय से जुड़ल पांच जिलन में सत्ताइस गो परीक्षा केन्द्र बनवले हवे, जेहमें बारह हजार आठ सौ सत्तावन अभ्यर्थी परीक्षा दीहें। गोरखपुर विश्वविद्यालय के तहत गोरखपुर मण्डल के तीनि जिलन– गोरखपुर, देवरिया अउर कुशीनगर में कुलि साठि परीक्षा केन्द्र बनावल गइल हवें, जेहमें अट्ठाइस हजार सात सौ अस्सी अभ्यर्थियन के बइठले क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********

काल्हि भिन्नहीं भइल बरखा के बादे गरमी से मिलल राहति अब धीरे–धीरे खतम होखे लागल हौ। तेज घाम के नाते प्रदेस क करीब सज्जो जिलन में तापमान में बढ़ोत्तरी दरज कइल गइल हवे। एकरे नाते उमस से भरल गरमी लोगिन के परसानी एक बेर फिरो बढ़ा दिहले हवे। येह बिच्चे मौसम विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कइ के कहले हवे कि एक बेरि फेर प्रदेस में भीसण गरमी क परकोप रही। एकर सबसे ढेरि असर बांदा, चित्रकूट, प्रयागराज, फतेहपुर, कानपुर, मथुरा, आगरा, फिरोजाबाद, इटावा, औरैया, जालौन, महोबा, झांसी अउर लग्गे के इलाकन में देखे के मिली।

**********

फतेहपुर जिला के खागा कोतवाली इलाका में कानपुर प्रयागराज राजमार्ग पर आजु अमृतसर से कोलकाता जा रहलि एगो कार बेकाबू हो के गढ़हा में गिरि गइल, एहसे कार में सवार तीनि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल। पुलिस सूत्र बतवलें कि मरे वाले अमृतसर जिला के सुल्तानबिन्द थान्हा के मतेवाड़ा गांव क रहवइया रहलें।

**********